

Mass General Brigham Avi Sou Pratik Konfidansyalite

Notice of Privacy Practices / Haitian



Enfòmasyon w. Dwa ou yo. Responsablite nou yo.

Avi sa a eksplike fason nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ki konsènan w, ak kijan ou ka gen aksè nan enfòmasyon sa a.
Tanpri li l ak anpil atansyon.

Tèm “Mass General Brigham” ki nan Avi sa a dekri pratik konfidansyalite Mass General Brigham Incorporated ak antite ki afilye li yo. Gen yon lis òganizasyon kote Avi sa a aplike a disponib sou sitwèb nou an nan www.massgeneralbrigham.org/PatientPrivacyNotice.

Avi sa a aplike tou pou doktè prive ki nan estaf medikal òganizasyon sa yo si yo wè w nan yon sit Mass General Brigham (yo pral ba w pwòp Avi pa yo si yo wè w nan biwo prive yo).

Dwa Ou Yo

Nan zafè enfòmasyon sante ou, ou gen kèk dwa. Seksyon sa a eksplike dwa w ak kèk nan responsablite nou pou ede w.

Jwenn yon kopi elektwonik oswa papyè dosye medikal ou

- Ou ka mande pou w wè oswa jwenn yon kopi dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sante nou genyen sou ou nan fòm elektwonik oswa sou papyè. Ou ka mande rezilta tès ou yo tou dirèkteman nan laboratwa kote yo fè tès ou yo. Mande nou kijan pou fè sa.
 - N ap ba w yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante w, anjeneral nan 30 jou apre demann ou an. Nou ka chaje yon pri modik, ki baze sou depans yo.
 - Si nou refize demann ou a, n ap eksplike ou pou ki rezon, epi n ap di w ki dwa w genyen.
-

Mande Kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou pou kontakte ou nan yon fason espesifik (pa egzanp, pa telefòn lakay ou oswa nan travay) oswa voye lapòs nan yon lòt adrès. Nou pral reponn “wi” pou tout demann sanse.
-

Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pou nou pa itilize oswa pataje (andeyò Mass General Brigham) kèk enfòmasyon sou sante pou tretman, peman oswa operasyon nou yo.
 - Nou pa oblije aksepte demann ou an, epi nou gen dwa di “non.”
- Si ou peye pou tout frè yon sèvis oswa yon atik swen sante avèk lajan poch-w, ou gen dwa pou mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa a pou rezon peman oswa operasyon nou yo ak konpayi asirans sante ou la.

Chwazi yon moun pou bay manda pou desizyon sante

- Si ou pa kapab pran desizyon sou swen sante ou menm epi ou te bay yon moun manda legal pou zafè medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa ou epi pran desizyon konsènan enfòmasyon sante ou.
- Nou pral asire ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji nan non w anvan nou pèmèt yo pran desizyon pou ou.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon avèk yo (andeyò Mass General Brigham)

- Ou ka mande yon lis (kont) tout fwa nou te pataje enfòmasyon sante ou nan sis ane anvan dat ou mande yon kont. Nou pral reponn demann ou an nan 60 jou.
- Nou pral enkli tout divilgasyon eksepte sa ki gen rapò ak tretman swen sante, peman ak operasyon, ak kèk lòt divilgasyon (tankou sa ou te mande nou fè). Nou pral ba ou yon rapò pa ane gratis, men nou pral chaje yon pri modik, ki baze sou pri si ou mande yon lòt nan lespas 12 mwa.

Jwenn yon kopi Avi Konfidansyalite sa a

- Ou ka mande yon kopi papye Avi sa a nenpòt ki lè, menm si ou te dakò resevwa li elektwonikman. Nou pral ba w yon kopi sou papye san pèdi tan.

Mande nou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou pou nou korije enfòmasyon sou sante w oswa enfòmasyon sou bòdwo w ke w kwè pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa.
- Nou ka refize demann ou an (di ou “non”), pa egzanp, si founisè w la kwè enfòmasyon ki nan dosye w kounye a konplè epi egzat. Si nou refize demann ou an, n ap di w poukisa alekri nan 60 jou.
- Si nou aksepte demann ou an, n ap mande w pou ban nou non moun ou vle resevwa enfòmasyon korije yo.

Depoze yon plent si w kwè dwa konfidansyalite w yo vyole

- Ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite Mass General Brigham pou pote plent si ou panse nou te vyole dwa konfidansyalite ou, atravè Liy Asistans Konfòmite li a nan 1-800-856-1983 oswa www.massgeneralbrigham.org/complianceline.
- Ou ka voye yon lèt bay U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights nan JF Kennedy Federal Building – Room 1875, Boston, MA 02203 pou depoze yon plent, oswa rele 800-368-1019, 800-537-7697 (TDD), oswa vizite www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/ pou fè sa.
- Nou p ap pran revanj kont ou si ou pote yon plent.

Chwa Ou Yo

Pou kèk enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa ou sou sa nou pataje. Si ou gen yon preferans klè pou fason nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba a, tanpri di nou. Di nou sa ou vle nou fè epi nou pral swiv enstriksyon ou yo. Nou pral trete w menm jan kèlkeswa chwa w ap fè yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou.
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou pou katastwòf.
- Antre enfòmasyon ou nan anyè lopital la (biwo enfòmasyon). Si yo admèt ou nan lopital la, non ou, kote chanm ou, kondisyon jeneral ak relijyon ou ka nan lis anyè lopital la a. N ap pataje enfòmasyon sa a ak manm fanmi, zanmi, klèje, ak lòt moun ki mande pou w denon. Ou ka mande pou yo retire non ou nan lis anyè a.
- Nou ka sèvi ak enfòmasyon ou yo pou kolekte donasyon lajan pou sipòte Mass General Brigham ak misyon ekselans li yo, men ou ka mande nou pou nou pa kontakte ou ankò. Enfòmasyon nou ka itilize yo limite a enfòmasyon demografik oswa lòt enfòmasyon lalwa pèmèt (tankou non, adrès, nimewo telefòn oswa adrès imel, laj, dat nesans, sèks, estati asirans sante, dat sèvis, enfòmasyon depatman sèvis, enfòmasyon doktè k ap trete, oswa enfòmasyon sou rezilta).

Si ou pa kapab di nou preferans ou - pa egzanp, si ou endispoze, nou ka toujou pataje enfòmasyon ou si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou ka pataje enfòmasyon w tou lè sa nesèsè pou diminye yon menas ki grav ak imedyat pou sante oswa sekirite.

Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon ou sof si ou ba nou pèmision alekri:

- Pou fè komès.
- Vann enfòmasyon ou yo.

Divulgasyon ak Itilizasyon nou

Kouman nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo anjeneral?

Nou devlope yon dosye medikal elektwonik pataje pou swen pasyan ke yo itilize nan:

- Tout òganizasyon ki fè pati Mass General Brigham (pa egzanp, lopital yo, klinik ekstèn yo) ak founisè swen sante yo, ak
- Kèk lòt lopital ki pa fè pati Mass General Brigham, tankou Dana-Farber Cancer Institute (DFCI), sant sante ekstèn, ak doktè kominotè.

Mass General Brigham patisipe nan echanj enfòmasyon sante yo (HIEs), ki gen ladan Massachusetts Health Information Highway (Mass HIway), epi li sèvi ak HIE yo kòm yon mwayen pou pataje, mande epi resevwa enfòmasyon elektwonik sou sante ak lòt òganizasyon swen sante. Si ou gen kesyon, oswa si ou vle refize pataje enfòmasyon ou yo atravè Mass HIway la, kontakte Biwo Konfidansyalite Mass General Brigham lan (Privacy Office) atravè Liy Asistans Konfòmite li a (Compliance HelpLine) nan 1-800-856-1983 oswa www.massgeneralbrigham.org/complianceline.

Anjeneral nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w nan fason sa yo:

Trete ou	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab itilize enfòmasyon sante w yo epi pataje yo ak lòt pwofesyonèl k ap trete w ni anndan ni andeyò Mass General Brigham.	<i>Pa egzantp: Espesyalis ou a ka diskite sou kondisyon w ak tretman w ak Doktè Swen Prensipal w la.</i>
Jere òganizasyon nou an	<ul style="list-style-type: none">Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w pou jere biznis lopital nou yo oswa pratik doktè nou yo, amelyore swen w, epi kontakte w lè sa nesesè.	<i>Pa egzantp: Nou itilize enfòmasyon sou sante w pou kontwole kalite swen yo ak pou anseye pwofesyonèl swen sante yo.</i>
Faktire pou sèvis ou yo	<ul style="list-style-type: none">Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w pou voye bòdwo w epi resevwa peman nan men plan sante oswa lòt antite yo.	<i>Pa egzantp: Nou bay plan asirans sante w enfòmasyon sou ou pou l peye pou sèvis ou yo.</i>
Kontakte ou	<p>Mass General Brigham ka itilize enfòmasyon sante w pou kontakte w:</p> <ul style="list-style-type: none">Nan adrès ak nimewo telefòn ou ban nou yo ak kite mesaj nan nimewo telefòn yoAvèk enfòmasyon sou pwoblèm swen pasyan yo, chwa tretman, ak enstriksyon pou kontinye swenAvèk enfòmasyon ki ka enterese w ki dekri yon pwodwi oswa sèvis ki gen rapò ak sante ke nou bayNan adrès imel oswa lòt enfòmasyon kontak ou bay pou ede nou nan aktivite ki dekri nan Avi sa a	<i>Pa egzantp: Nou ka kontakte w konsènan randevou ki pwograme oswa ki anile, enskripsyon/mizajou asirans, bòdwo oswa zafè peman, evalyasyon anvan-pwosedè, sondaj satisfaksyon, oswa rezilta tès yo.</i>

Lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo? Nou otorize oswa gen obligasyon pou pataje enfòmasyon ou san otorizasyon ou nan lòt fason - anjeneral nan fason ki kontribye pou byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou gen pou n safisfè anpil kondisyon nan lalwa anvan nou ka pataje enfòmasyon ou pou rezon sa yo. Men kèk egzanp sou fason nou ka pataje enfòmasyon w san otorizasyon w:

Ede ak pwoblèm sante ak sekirite piblik

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w pou kèk sitiyasyon tankou:

- Prevansyon maladi
 - Ede ak rapèl pwodwi yo
 - Rapòte reyaksyon negatif ak medikaman yo
 - Rapòte yon abi sispèk, neglijan, oswa vyolans domestik
 - Anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun
-

Mennen rechèch

- Nou ka pataje enfòmasyon de sante w pou rechèch ki apwouve pa yon Komite Rechèch Mass General Brigham (Research Committee) oswa reprezantan li lè lalwa federal oswa leta pa egzije pèmisyon alekri. Sa a ka gen ladan tou prepare pou rechèch oswa enfòmasyon de etid rechèch ki ta ka enterese w.
-

Konfòme ak lalwa

- N ap pataje enfòmasyon sou ou si lwa leta oswa federal yo egzije sa, epi ak Depatman Sante ak Sèvis Imen tou si li vle wè n ap respekte lwa federal sou konfidansyalite.
-

Reponn demann donasyon ògàn ak tisi

- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w ak òganizasyon ki resevwa ògàn yo pou bay moun ki gen bezwen li.
-

Travay ak doktè ki egzaminen kadav, oswa direktè ponp finèb

- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w ak yon kowonè, yon doktè ki egzaminen kadav, oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.
-

Reponn demann konpansasyon travayè yo, otorite ranfòsman lalwa ak lòt demann gouvènman

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w:

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè yo
 - Pou rezon ki fè respekte lalwa nan kondisyon espesifik, tankou rapòte lè yon moun viktim yon krim
 - Ak òganis siveyans sante yo pou aktivite lalwa otorize
 - Pou fonksyon gouvènman espesyal tankou militè, sekirite nasyonal ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo
-

Reponn a pwosè ak aksyon legal

- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w an repons a yon òdonans tribinal oswa yon lòd administratif, oswa an repons a yon manda.
-

Pou plis enfòmasyon, ale nan:

www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/index.html

Kilè nou bezwen pèmisyon alekri ou anvan nou pataje enfòmasyon sou sante w? Nou p ap pataje enfòmasyon sou sante w pou lòt rezon ki pa dekri nan avi sa a sof si ou ba nou pèmisyon alekri. Lwa leta ak lòt lwa federal yo entèdi nou tou pou nou pa pataje, kèk kalite enfòmasyon medikal yo konsidere yo trè sansib, san pèmisyon alekri ou.

Anjeneral, nou pral mande konsantman ou anvan nou pataje kèk enfòmasyon sansib tankou:

- Dosye tretman ou te resevwa nan men pwogram swen pou abi dwòg ki resevwa finansman federal.
- Kèk dokimantasyon sikoterapi
- Tès VIH oswa rezilta tès yo
- Enfòmasyon jenetik
- Kominikasyon konfidansyèl ak yon Travayè Sosyal Lisansye
- Dosye yon Konseye pou Viktim Vyolans Domestik oswa Atak Seksyèl

Lwa ki pwoteje enfòmasyon sa yo gen plizyè eksepsyon. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon sou sante w san konsantman w si sa nesèsè pou rapòte yon sispèk abi oswa neglijanans sou timoun oswa granmoun, ak pou lòt rezon lalwa pèmèt.

Ou ka anile yon otorizasyon oswa konsantman nenpòt ki lè alekri oswa, nan kèk sitiyasyon limite, pa mo bouch w, eksepte si nou te deja konte sou li. Pa egzanp, si nou te deja pataje enfòmasyon sou sante ou ak yon moun ou te deja bay pèmisyon alekri, nou pa kapab rekipere li.

Responsabilite Nou Yo

- Nou gen obligasyon dapre lalwa pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo.
 - Nou pral fè ou konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki te kapab konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou yo.
 - Nou dwe respekte obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a epi ofri ou yon kopi.
 - Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon w ot ke fason sa dekri isit la amwenske ou ba nou otorizasyon alekri. Si ou di nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide w.
 - Nou kenbe dosye medikal lopital pou omwen 20 ane apre ou fin egzeye lopital oswa apre dènye tretman ou; lòt dosye yo konsève an akò ak règleman leta ak federal yo. Yon kopi Kalandriye Prezèvasyon pou Dosye Medikal (Clinical Records Retention Schedule) Mass General Brigham lan disponib sou demann.
-

Pou plis enfòmasyon ale nan:

www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/notice-privacy-practices/index.html

HIPAA a pèmèt itilizasyon enfòmasyon sou sante espre pou kreye enfòmasyon ki pa idantifye. Prensip konfidansyalite yo dekri pi wo a pa aplike pou enfòmasyon ki dezidantifye yo. Yo konsidere enfòmasyon sou sante yo dezidantifye si (i) li pa idantifye yon moun epi (ii) pa gen okenn rezon pou kwè ke yo ka itilize yo pou idantifye yon moun. HIPAA a pa mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon ki dezidantifye yo. Se pratik Mass General Brigham pou itilize ak/oswa divilge enfòmasyon ki pa idantifye lè sa an akò ak wòl yon sant medikal akademik (inivèsitè) ki angaje nan rechèch ak edikasyon byomedikal.

Ki jan nou itilize enfòmasyon ki pa idantifye? Nou itilize enfòmasyon ki pa idantifye pou sipòte swen pasyan nou yo, rechèch byomedikal ak aktivite edikasyonèl, kèk ladan yo fèt an kolaborasyon ak lòt enstitisyon edikasyonèl, fondasyon, òganizasyon, ajans gouvènman ak antite komèsyal isit Ozetazini ak aletranje. Nou itilize enfòmasyon ki pa idantifye tou pou ede nou amelyore opsyon tretman, diminye depans swen, amelyore administrasyon operasyon swen sante nou yo, epi avanse inisyativ sante piblik.

Chanjman nan Tèm Avi sa a

Nou ka chanje tèm avi sa a, epi chanjman yo ap aplike nan tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo Avi a ap disponib si w mande l nan kote pou fè enskripsyon yo, sou sit entènèt nou an nan www.massgeneralbrigham.org/PatientPrivacyNotice, oswa ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite Mass General Brigham (Mass General Brigham Privacy Office) pou mande yon kopi, atravè Liy Asistans Konfòmite (Compliance HelpLine) li a nan 1-800-856-1983 oswa www.massgeneralbrigham.org/complianceline.

DAT AVI SA A AP ANTRE ANVIGÈ

Avi sa a anvigè depi Jiyè 14, 2022.

**Avi pou Enfòm Moun yo Sou Egzijans sou Non-diskriminasyon ak Aksè ak Deklarasyon sou Non-diskriminasyon:
Lalwa Defann Diskriminasyon**

Mass General Brigham respekte lwa dwa sivil federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte, estati yon etranje, relijyon, kwayans, sèks, gwosès, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, laj oswa andikap. Mass General Brigham pa ekskli moun oswa trete yo yon fason diferan akòz ras yo, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte yo, estati yon etranje, relijyon, kwayans yo, sèks yo, gwosès yo, oryantasyon seksyèl yo, idantite sèks yo, laj yo, oswa andikap yo.

Manm Mass General Brigham yo:

- Bay èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap ki fè yo pa kapab kominike avèk nou efektifman, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye pou pale pa siy
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (gwo lèt, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm)
- Bay sèvis lang gratis pou moun ki gen lang prensipal ki pa angle, tankou:
 - Entèprèt kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Kowòdonatè Dwa Sivil (Civil Rights Coordinator) la pou sit ki enplike a (gade lis la nan www.massgeneralbrigham.org/CivilRightsCoordinators).

Si w kwè nenpòt antite Mass General Brigham te echwe pou bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte, estati yon etranje, relijyon, kwayans, sèks, gwosès, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, laj oswa andikape, ou ka depoze yon plent avèk Kowòdonatè Dwa Sivil etablisman an an pèsòn, pa lapòs oswa pa faks, avèk enfòmasyon ki sou sit entènèt <https://www.massgeneralbrigham.org/notices/non-discrimination> la. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, Kowòdonatè Dwa Sivil la disponib pou ede, oswa ou ka kontakte Liy Asistans Konfòmite nou an nan 1-800-856-1983 oswa www.massgeneralbrigham.org/complianceline.

Ou ka depoze yon plent dwa sivil tou nan Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR), elektwonikman atravè Pòtay Biwo pou Plent Dwa Sivil (Office for Civil Rights Complaint Portal) la, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf> oswa pa lapòs oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Oswa lè w kontakte OCR New England Regional Office nan:

Office for Civil Rights
U.S. Department of Health and Human Services
Government Center
J.F. Kennedy Federal Building - Room 1875
Boston, MA 02203
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Fòm plent yo disponib nan:
www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html.

Interpreter Services

ATTENTION: Language assistance services, free of charge are available to you. Please let us know your primary language and we will have an interpreter available to assist with your care.

Albanian/ Shqip	VINI RE: Nëse flisni shqip, atëherë do t'ju vihen në dispozicion pa pagesë shërbime të ndihmës gjuhësore. Ju lutemi të na vini në dijeni për gjuhën tuaj kryesore dhe ne do t'ju vëmë në dispozicion një përkthyes gojor për t'ju ndihmuar gjatë kohës që ju ofrohet kujdesi.
Amharic/ አማርኛ	ማሳሰቢያ፡ አማርኛ ቋንቋ የሚናገሩ ከሆነ፣ ከክፍያ ነጻ የሆነ የቋንቋ ድጋፍ አገልግሎቶች ይቀርቡልዎታል። እባክዎ ተቀዳሚ ያሳውቁንና በሕክምናዎ ወቅት የሚያግዝዎ አስተርጓሚ እናዘጋጃለን።
Arabic/ العربية	تنبيه: إذا كنت تتحدث اللغة العربية، تتوفر خدمات المساعدة اللغوية وتقديم لكم مجاناً. يرجى اطلعنا على لغتك الأساسية وسنقوم بتوفير مترجم لمساعدتك في أثناء تلقيكم للرعاية.
Armenian/ հայերեն	ՈՒՇԱԴԴՐՈՒԹՅՈՒՆ՝ Եթե դուք խոսում եք հայերեն, լեզվի աջակցման ծառայությունները, անվճար, հասանելի կլինեն ձեզ համար: Խնդրում ենք մեզ տեղյակ պահել ձեր առաջնային լեզվի մասին, և մենք կստրամադրենք թարգմանիչ, որը կարող է ձեզ օգնել:
Bengali/ বাংলা	মনোযোগ দিন: আপনি যদি বাংলায় কথা বলেন তাহলে বিনামূল্যে আপনা ভাষা সহায়তা সবো পতে পারেন। অনুগ্রহ করে আমাদের আপনার প্রাথমিক ভাষা জানান এবং আপনার যত্ন পরিচর্যা সাহায্যের জন্য আমরা একজন অনুবাদকরে ব্যবস্থা করব।
Cape Verdean Creole/ Kriolu di Kabuverdi	ATENSON: Si bu ta papia Kriolu di Kabuverdi, nu ten sirbisu di asisténsia di língua di grasa pa bo. Pur favor, informa-nu bu língua maternu y nu to providensia un tradutor pa da-bu asisténsia ku bu konsulta ô tratamentu.
Chinese/ 中文	注意：如果您说中文，我们可为您提供免费的语言援助服务。请告知我们您的主要语言，我们将提供译员帮助您处理您的护理相关事宜。 <i>Cantonese Mandarin Toisanese Taiwanese/Fukienese</i> 廣東話 國語 台山話 台灣語/福建話
Dinka (Nilotic)/ Thuɔŋjäŋ	DETTIC: Na ye jam në Thuɔŋjäŋ (Dinka), ke kuöŋy de kāk ke thok, abac, atö në yin. Cɔk wuɔk nyic thoŋ duɔn yin jam ku bi naŋ raan wëër thok bi tō bi yin kuɔɔny në muöök du.
French/ Français	ATTENTION : Si vous parlez français, nous vous offrons nos services d'aide linguistique gratuits. Indiquez-nous quelle est votre langue de préférence et nous mettrons à votre disposition un interprète pour vous aider avec vos soins de santé.
French Creole (Haitian Creole) Kreyòl Ayisyen	ATANSYON: Si ou pale Kreyòl Ayisyen, w ap jwenn sèvis asistans nan lang ou pale a, gratis. Tanpri, fè nou konnen kisa lang natifnatal ou ye e n ap ba w yon entèprèt ki pou ede w avèk swen w.
German/ Deutsch	HINWEIS: Wenn Sie Deutsche sprechen, stehen Ihnen sprachliche Unterstützungsdienste kostenlos zur Verfügung. Bitte teilen Sie uns Ihre primäre Sprache mit, und wir halten einen Dolmetscher bereit, der sich Ihrer Sorgen/Bedenken annimmt.
Greek/ Ελληνικά	ΠΡΟΣΟΧΗ: Αν μιλάτε Ελληνικά, σας παρέχουμε δωρεάν υπηρεσίες γλωσσικής υποστήριξης. Ενημερώστε μας για να έχετε στη διάθεσή σας διερμηνέα στη γλώσσα σας.
Gujarati/ ગુજરાતી	ધ્યાન આપો: જો તમે ગુજરાતી બોલતા હો તો, ભાષા સહાય સેવાઓ, નિ:શુલ્ક, તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. કૃપા કરી અમને તમારી પ્રાથમિક ભાષા જણાવો અને અમે એક દુભાષિયો ઉપલબ્ધ કરાવીશું જે ચોકસાઈ રાખી તમારી સહાય કરશે.

Hebrew/ עברית	נא לשים לב: אם אתם מדברים עברית, תוכלו ליהנות משירותי עזרה לשוניים, המסופקים ללא תמורה. להודיע לנו מהי השפה העיקרית שלכם ואנחנו נספק לכם מתרגמן/ית לסייע לכם.
Hindi/ हिंदी	ध्यान दें: यदा आप हाँदी बोलते हैं, तो आपके लाँए भाषा सहायता सेवाँ, नाँ:शुल्क उपलब्ध हैं। कृपया हमँ अपनी प्राथमकि भाषा बताँँ और हम आपकी देखभाल में सहायता करने के लाँए एक दुभाषयिा उपलब्ध कराँँगे।
Hmong/ Hmoob	LUS TSHAJ TAWM: Yog koj hais lus Hmoob, cov kev pab cuam txhais lus, muaj pub dawb rau koj. Thov qhia koj thawj hom lus hais rau peb paub thiab peb yuav muaj ib tug kws pab txhais lus los pab nrog kev saib xyuas ko
Indonesian/ Bahasa Indonesia	PERHATIAN: Jika Anda berbahasa Indonesia, tersedia layanan bantuan bahasa bebas biaya. Harap beri tahukan bahasa utama Anda dan kami akan menyediakan juru bahasa yang akan membantu Anda.
Italian/ Italiano	ATTENZIONE: Se parli italiano, ti offriamo i nostri servizi gratuiti di assistenza linguistica. Dicci qual'è la tua lingua madre e metteremo a tua disposizione un interprete che ti aiuti con l'assistenza medica.
Japanese/ 日本語	重要: 日本語を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用になれます。あなたの一次言語をお伝えください、ケアの際にお手伝いする通訳をご用意いたします。
Khmer, Cambodian/ ភាសាខ្មែរ	សម្គាល់៖ ប្រសិនបើអ្នកនិយាយភាសាខ្មែរ ជំនួយផ្នែកភាសានឹងមានផ្តល់ជូនដល់អ្នកដោយឥតគិតថ្លៃ។ សូមប្រាប់យើងអំពីភាសាទីចម្បងរបស់អ្នក ហើយយើងនឹងផ្តល់ជូនអ្នកបកប្រែភាសាម្នាក់ដើម្បីជួយដល់ការថែទាំរបស់អ្នក។
Korean/ 한국어	참고: 한국어 사용자의 경우 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 귀하의 주언어를 알려주시면 귀하의 케어 서비스에 대해 도움을 드릴 통역자를 마련하겠습니다.
Laotian/ ພາສາລາວ	ໝາຍເຫດ: ຖ້າ ທ່ານ ອາດ ພາສາລາວ, ທ່ານ ສາມາດ ໃຊ້ ການ ບໍລິການ ຊ່ວຍ ເຫຼືອ ດ້ານ ພາສາ ໄດຍ ບໍ່ ເສຍ ຄ່າ. ກະລຸນາ ເຈ້ງ ບອກ ພາສາ ທ່ານ ຂອງ ທ່ານ ແລະ ພວກ ເຮົາ ຈະ ຈັດ ຫາ ລູກ ພາສາ ເອີກ ອາດ ຊ່ວຍ ທ່ານ ໃນ ການ ດູແລ ບົ່ງ ແຍງ ທ່ານ.
Nepali/ नेपाली	ध्यान दिनुहोस्: यदि तपाईं नेपाली भाषा बोल्नुहुन्छ भने, तपाईंको लागि भाषासम्बन्धी सहायता सेवा सितैँमा उपलब्ध छ। कृपया तपाईंको प्राथमिक भाषाबारे हामीलाई बताउनुहोस् अनि तपाईंको सेवा-उपचारमा सहायता पुऱ्याउन हामी तपाईंलाई एक दोभासे उपलब्ध गराउनेछौं।
Oromo (Cushite)/ oromiffaa	HUBADHAA: Yoo Afaan dubbattu itti galchi dubbata ta'e, tajaajilawwan gargaarsa faanii, kaffaltii irra bilisaa, siif kennamu. Afaan jalqabaa kee nu beeksisiitii ogeessa hiika afaanii kunuunsa kee irratti sigargaaru ni qopheessina.
Polish/ Język polski	UWAGA: dla użytkowników języka polskiego dostępna jest bezpłatna pomoc językowa. Proszę podać swój język ojczysty, abyśmy mogli zapewnić Państwu wsparcie tłumacza ustnego.
Portuguese/ Português	ATENÇÃO: se você fala português, os serviços de suporte ao idioma estão disponíveis gratuitamente para você. Informe-nos qual é o seu idioma e nós providenciaremos um intérprete disponível para ajudá-lo.

Rundi (Bantu)/ Ikirundi	MENYA NEZA: Niwaba uvuga Ikirundi, dutanga ubufasha mu bijanye n'ivy'indimi, kandi ku buntu. Tubwire ururimi kavukire rwawe hanyuma tukuronderere umusobanuzi w'indimi.
Russian/ Русский	ВНИМАНИЕ! Если вы говорите по-русски, то можете воспользоваться бесплатными услугами языковой поддержки. Сообщите, какой язык является для вас родным, и мы предоставим вам переводчика.
Serbo- Croatian/ Srpski/hrvatski	PAŽNJA: Ako govorite srpski/hrvatski, besplatno vam je dostupna usluga pomoći u vezi sa jezikom. Recite nam koji je vaš primarni jezik i obezbedićemo prevodioca koji će pomoći u vezi sa vašom negom.
Somali/ Soomaali	FIIRO GAAR AH: Haddii aad ku hadashid Soomaali, adeegyada caawinta luuqada, bilaash ah, waa lagu heli karaa adiga. Fadlan nasoo ogeysii luuqadaada koowaad oo waxaan heleynaa turjumaano badan oo la heli karo oo kugu caawiyaa daryeelkaaga.
Spanish/ Español	ATENCIÓN: Si usted habla español, tenemos servicios de asistencia lingüística gratuitos a su disposición. Déjenos saber cuál es su idioma nativo y le brindaremos un intérprete para asistirle con sus cuidados de salud.
Swahili/ Kiswahili	KUMBUKA: Ikiwa unazungumza Kiswahili, huduma za usaidizi wa lugha, bila malipo, zinapatikana kwa ajili yako. Tafadhali tujulishe lugha yako msingi na tutakupatia mkalimani atakayekusaidia katika mahitaji yako.
Tagalog/ Tagalog	PAUNAWA: Kung Tagalog ang inyong wika, may maaari kayong kuning mga libreng serbisyo ng tulong sa wika. Pakisabi sa amin kung ano ang pangunahin ninyong wika at maglalaan kami ng interpreter upang tumulong sa inyong pangangalaga.
Thai/ ภาษาไทย	โปรดทราบ: คุณสามารถใช้บริการช่วยเหลือด้านภาษาได้ฟรี หากคุณพูดภาษาไทย โปรดแจ้งภาษาหลักของคุณให้เราทราบและเราจะมีล่ามเพื่อช่วยเหลือในการดูแลของคุณ
Urdu/ اردو	توجہ دیں: اگر آپ اردو بولتے ہیں تو آپ کے لیے زبان میں مدد کی خدمات مفت دستیاب ہیں۔ براہ کرام ہمیں اپنی بنیادی زبان بتائیں اور ہم آپ کی نگہداشت میں مدد کرنے کے لیے کوئی ترجمان دستیاب کرائیں گے۔
Vietnamese/ Tiếng Việt	CHÚ Ý: Nếu quý vị nói Tiếng Việt, có sẵn các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho quý vị. Vui lòng cho chúng tôi biết ngôn ngữ chính của quý vị, chúng tôi sẽ cung cấp một thông dịch viên hỗ trợ dịch vụ chăm sóc của quý vị.

